

KONSÈY KLIYAN

- Kontakte Divizyon Sèvis Konsomatè yo pou kesyon oswa asistans sou entènèt nan www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/NeedOurHelp.
- Kontakte konpayi asirans ou an anvan ou fè kelkeswa kontra pou reparasyon pou ka konfime kondisyon pou jesyon reparasyon yo oswa pou jwenn pi bon founisè.
- Finalize epi dokimante nenpòt reparasyon ijan ki nesèsè k ap anpeche plis dega. Kenbe tout resi epi fè foto tout dega anvan epi apre nenpòt reparasyon.
- Pran san ou pou byen li kontra ki mande pou ou depanse kòb pa ou oswa yon frè ki baze sou pousantaj kòb asirans ou ap jwenn pou repare oswa ranplase byen ou lan.
- Konfime antreprenè yo gen bonjan lisans pou travay nan Florida epi asire ou yo pa gen okenn plent ki depoze kont yo nan Depatman Règleman Biznis ak Pwofesyonèl nan www.MyFloridaLicense.Com/DBPR. Ou dwe mande antreprenè yo pou ba ou referans kliyan yo pase deja.
- Mande tout founisè sèvis ou fè kontra avèk yo pou yo bay prèv yo gen asirans pou responsablite sivil ak dedomajman travayè anvan siyen kontra a.
- Sekirize pwopriyete ou la, fèmèn gaz, dlo ak kouran epi kontakte konpayi asirans lan pou ba yo yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou si dega yo oblije ou kite kay ou.



1-877-MY-FL-CFO
(1-877-693-5236)
www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

jiyè 2024



Kisa Pou ou Atann Apre ou Fin Ranpli yon

**REKLAMASYON
PWOPRIYETÈ
KAY**



Kisa Pou ou Atann Apre ou Fin Ranpli yon REKLAMASYON PWOPRIYETÈ KAY

(Tout delè yo se estimasyon.)



SEMÈN 2-6

Si sa nesèsè, y ap angaje lòt ekspè pwofesyonèl epi y ap planifye lè pou yo detèmine rezon ekzat ki lakòz pèt yo, nivo dega yo ak kantite kòb reparasyon yo oswa ranplasman y ap koute tout bon epi y ap fè yon rapò bay ajan ajisteman an nan aviwon 30 jou konsa.

RIVE NAN JOU 60

Y ap ba ou evalyasyon final la ak yon nòt ki esplike dwa ou genyen pou ou mande Depatman Sèvis Finansyèl a fè yon Medyasyon Pwopriyete Rezidansyèl pou ou, si toutfw ou pa ta rive jwenn yon antant.**

Ou ta dwe jwenn yon refi alekri oswa yon pèman ki koresponn ak montan lajan pou reklamasyon an si yo pa konteste l nan yon delè 60 jou apre ou fin fè reklamasyon an.

Si ou pa dakò ak evalyasyon final la, ou ta dwe chache lòt estimasyon nan men yon evalyatè ou chwazi epi fè ajan ajisteman jwenn estimasyon sa a.

NAN 30 JOU ANTANT LAN

Depi ou jwenn yon antant ak konpayi asirans lan ou pwal siyen yon dechaj apres a ou ap remèt li epi konpayi asirans lan ap fè pèman an.

IMEDYATMAN

Fè ajan oswa konpayi asirans ou an konnen reklamasyon ou lan.

Fè reparasyon tanporè ki ijan yo. Pran foto anvan epi apre ou fè reparasyon tanporè yo epi kenbe resi yo.

Fè yon lis bagay ki sibi domaj yo ak deskripsyon enfòmasyon espesifik sou chak pwodui.

Pran foto oswa yon videyo nan atik ki domaje. Sèlman jete atik ki domaje ki prezante yon risk sante.

Konpayi asirans ou an ap voye yon ajan ajisteman pou enspekte pwopriyete ki andomaje a. Fè swivi ak konpayi asirans ou an si ajan ajisteman pa kontakte ou nan delè yon semèn.

SEMÈN 2

Nan 7 jou apre ou fin fè reklamasyon an, konpayi asirans ou an dwe konfime yo resevwa reklamasyon ou lan epi yo dwe voye ba ou yon Avètisman Lwa sou Dwa Pwopriyete Kay (HCBR).*

Konpayi asirans oua ka voye yon ajistè an oswa itilize mwayen elektwonik tankou dron oswa lòt machin pou fè yon enspeksyon dega yo epi pran videyo/ foto ak mezi yo. Ajistè w la ap bay enstriksyon sou kijan pou ou remèt resi pou reparasyon ijan yo ak ranbousman yo epi l ap pale sou pwosesis reklamasyon an avèk ou. Li ka fe sa fizikman oswa itilize mwayen elektwonik

Ajistè w la ap konplete yon estimasyon detaye. Nan sèt jou apre li fin ranpli sa a, konpayi asirans ou a dwe ba ou yon kopi.

*Sa pa aplikab si se yon Konpayi Asirans Konplemantè oswa se Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) an ki etabli plan pa ou la oswa si reklamasyon ou yo gen rapò ak yon evènman Gouvènè Florida a klase nan kategori Eta ljan oswa si se yon seri faktè konpayi asirans ou an pa ka kontwole ki fè ou pa ranpli kondisyon yo.

**Sa pa aplikab si se yon Konpayi Asirans Konplemantè oswa se Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) an ki etabli plan pa ou la, sa ki gen ladan l plan pou inondasyon NFIP aksepte, men se konpayi asirans òdinè yo ki etabli l. Plan sou Inondasyon NFIP pa souskri yo ka pa elijib.